Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 20 сентябрь Рузман №42 (7856) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ВатIан цIуни- тIадаб налъи**

## СВОялъул гIахьалчагIигун дандчIвай

Гъал къояз ТIадгъаквари росдал жамагIатгун ва гIолилалгун дандчIвана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи ИсмагIилов ШагIбан, МухIамадов Къурбан ва МухIамадов Лечи.



ДандчIваялда гIахьаллъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова ва МВДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Камал ГIабдулхIакъов.

Тадбир рагьана школалъул директор МухIамад ИсмагIиловас. Хасаб рагъулаб операциялъул бицунаго, МухIамад ИсмагIиловас мисалаздалъун бихьизабуна ватIан цIуни цивасул борч букIин.

ВатIаналъул тIалабал тIуралел хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе баркала кьуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас, гьес цIех-рех гьабуна рагъда ругел районалъул гIолохъабазе къваригIарабтаралъул. Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе нахъеккунги бажарараб кумек гьабизе бугин абуна муниципалитеталъул нухмалъулес.



СВОялъул гIахьалчагIазги баркала загьир гьабуна районалъул ва росдал нухмалъиялъе, жамагIаталъе, учительзабазе жидер гьабулеб тIалабалъухъ, божилъи гьабуна ватIаналда цебе налъи ракIбацIцIадго тIубазе бугилан. Гьединго гьез цIалдохъаби ахIана лъикI цIализе ва къо ккедал ватIан цIунизе хIадур рукIине.

-Унго-унгояв бахIарзал ккола хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи, нахъе къай гьечIого тIубалеб буго гьез рагъулаб налъи,-ян абуна Камал ГIабдулхIакъовас, гьездаса мисал босизе цIалдохъаби ахIулаго.

Къурбан МухIамадовас школалъе сайгъат гьабуна жиндирго бронежилет ва аскарияб ретIел-хьит.

Росуцоязул рахъалъан хасаб рагъул операциялъул гIахьалчагIазе баркала кьун кIалъазе вахъана МухIамадзакир Абулмуслимов. Гьес росдал жамагIаталъул рахъалдаса МухIамадов Исалида ва Мусалов Рамазанида баркана гъал къояз гьезие къураб «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб цIар.

## Пачалихъиял шапакъатаздалъун кIодо гьаруна

15 сентябралда МахIачхъалаялда кIодо гьабуна халкъазда гьоркьосел яргъид гIуцIарал хъачагъал Дагъистаналдаса рачархъаралдаса 25 сон тIубай ва Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо.



Гьенир гIахьаллъана РФялъул Президентасул Администрациялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадсалам МухIамадов, РФялъул Президентасул СКФОялда вугев ихтияр кодосев вакил Юрий Чайка, Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликов ва цогидалги хIурматиял гьалбал.



Данделъиялде ахIаразда гьоркьор рукIана республикаялъул хIукуматалъул вакилзаби, Россиялъул БахIарзал, Пачалихъияб Думаялъул ва Халкъияб Собраниялъул депутатал, ополченцал, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи, гьезул хъизан-лъимал, диниял церехъаби ва цогидалги.

Данделъиялъул берцинлъиялъун ккана Дагъистаналдаса халкъазда гьоркьосел яргъид гIуцIарал хъачагъал рачархъаралдаса 25 сон тIубаялъул юбилей Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялъ кIодо гьаби.

Гьеб байрамкъоялъ Сергей Меликовас пачалихъиял шапакъатаздалъун кIодо гьаруна талихI къосарал гъол август-сентябралъул къояз бахIарчилъи бихьизабурал дагъистаниял. Гьезда гьоркьор рукIана нилъер райбольницаялъул медсестра МуртазагIалиева Басират, Гьигъалъа ополченец ГIалиев МухIамадсултIан ва 1999 соналъ нилъер районалъул жанисел ишазул отделалъул начальниклъун вукIарав ХIажимухIамадов Зикрула.

Гьел лъабалго кIодо гьаруна «За прявленное мужество» абураб медалалдалъун.

Август-1999

# Разгром международных бандформирований

События в августе - сентябре 1999 года, когда международные террористы попытались свергнуть конституционный строй в Республике Дагестан,



отделить Дагестан от Российской Федерации, в очередной раз доказали сплоченность народов Дагестана перед общим врагом, продемонстрировали желание дагестанцев сохранить целостность России, а также защитить его, при необходимости, с оружием в руках.

25 лет назад боевые действия начались в моем родном Цумадинском районе. И, как отметил Президент РФ, Верховный главнокомандующий Вооруженными силами Российской Федерации - В.В. Путин, цумадинцы просто не пропустили их на свою территорию.

Жители Цумадинского района восприняли это вторжение бандитов как оскорбление чести и достоинства горцев, и не только не пропустили, но и помогли их выгнать, проявив при этом мужество и отвагу. Отряды самообороны, стояли насмерть бок о бок с военнослужащими Министерства обороны и Министерства внутренних дел России, совместно защищая рубежи Отечества, демонстрируя единство армии и народа. Свою лепту в защиту Родины внесли также женщины, которые кормили и поили солдат, а дети показывали маршруты горных троп. Тем самым цумадинцы показали несокрушимый дух, любовь к Родине и готовность защищать ее в любую минуту.

В любой войне страшнее пальбы из пушек идеологическая, информационная война, и страшнее врагов, отступники и псевдодрузья.

В каждом населенном пункте района со своими проповедями бегали эмиссары идеологов ваххабизма призывая поддержать их и именно с Цумадинского района начать боевые действия. Идеологии чуждой исламу, жители района ответили - нет! Победа в этой войне важнее пушечной победы.… Благодаря позиции сельских джамаатов, неформальных лидеров, религиозных алимов, руководства района цумадинцам удалось сберечь молодежь от влияния враждебной им идеологии.

Цумадинцы сломали хребет идеологии ваххабизма и терроризма, они гордятся этим, и заслужили, чтобы об этом знали народы России и Дагестана.

-На Кавказе высоко ценится личное мужество, и поэтому посещение в эти тревожные дни самой горячей точки страны В.Путиным был воспринят ботлихцами и всеми дагестанцами и как акт личного бесстрашия и мужества, и как знак поддержки руководством страны простого народа, ополчения, первым вставшего на защиту целостности нашего государства. Во времена событий 1999 года цумадинцы чувствовали поддержку федеральной и республиканской властей. И сейчас благодаря их поддержке завершается газификация района, построены современные дороги, школы, интернат, поликлиника.

Пусть те страшные события августа 1999 года останутся в памяти дагестанцев как доказательство патриотизма горцев и непримиримого отношения к агрессии и терроризму.

**Магомедшапи Джахбаров,** начальник штаба ополчения с. Агвали в августе 1999 года

Юбилей

# ГIаданлъиялъул мугIалим

Гьал къоязда 80 сон тIубана гIаданлъи тIокIав инсан, мугIалим ва гIалимчи, нилъер ракьцояв МухIамад ХIайбулаевас.



Рагъул соназул лъималазулго гIадин, гьесулги лъимерлъи букIана захIмалъигун къварилъи къулчIизе ккараб, амма гьес жигараб хIаракат гьабуна гIумруялъул ритIухъаб нухдаса ине.

ГIурус мацIалда къватIибе бахъараб Дагъистаналъул халкъияй шагIир Сабигат МухIамадовалъул «Размышления с профессором» абураб тIехьалда кьун буго МухIамад ХIайбулаевасул хIакъалъулъ хъвараб «ГIумруялъул матIу» абураб поэма.

Поэмаялъул аслияв багьадур, МухIамад ХIайбулаев ккола унго-унгояв магIарулав, гIалимчи ва гIаданлъиялъул мугIалим. Поэмаялда бицунеб буго гьес ракьалда тарал лъалкIазул хIакъалъулъ ва бихьизабулеб буго жакъасеб къоялъулги, нахъа тараб къваридаб гIумруялъулги хIакъикъат. ГIадамал хирияв, къварилъабазе бетIер къулуларев, гIадатияб гIамалалъул ва кьури гьечIеб къисматалъул инсан вукIин бихьизабун буго гьениб.

Агъвали росдал школа-интернаталда анкьго класси лъугIизабун, 1958 соналда МухIамад ХIайбулаев ана Буйнакскиялъул педучилищеялде цIализе. Гьеби лъугIизабун, цIалана Ростовалда педагогияб институталъул физикаялъулгун техникияб факультеталда. 1963-1967 соназда, пединституталъул студентлъун вукIаго, МухIамадица хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. Гьенисаги тIадвуссун, лъугIизабуна цIали, ва хIалтIизе лъугьана Ростов шагьаралъул (1971-1973 цIалул соназда) ва МахIачхъалаялъул (1973-1974 цIалул соналда) школазда физикаялъул учительлъун. Ростовалда хIалтIулаго, цадахъго вукIана рехсараб шагьаралъул университеталъул гIелмияв хIалтIухъанлъунги.

Ахирги МухIамад тIадвуссана Дагъистаналде ва 1975-2006 соназда хIалтIана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб институталда (хадубккун - университеталда) цин ассистентлъун, хадув - кIудияв преподавательлъун, кафедраялъул нухмалъулевлъун.

МухIамад ХIайбулаев ккола педагогикиял гIелмабазул кандидат, профессор.

2002 соналдаса нахъе МухIамад ХIайбулаев хIалтIана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталда инженериябгун педагогияб институталъул директорлъун, 2017 соналдаса нахъе нухмалъи гьабулеб буго Дагъистаналъул пачалихъияб педуниверситеталда цебе рагьараб гьоркьоса къотIи гьечIеб педагогикияб лъайкьеялъул институталъе.

МухIамад кIодо гьавуна «За заслуги перед Республикой Дагестан» абураб орденалдалъун, «Фашистияб Германиялда тIад Бергьенлъи босаралдаса 20 сон» абураб медалалдалъун, ДАССРалъул Верховный Советалъул Грамотаялдалъун.

Гьев ккола Дагъистаналъул мустахIикъав учитель, РФялъул тIадегIанаб школалъул мустахIикъав хIалтIухъан.

Районцоязул рахьалдасан ракI-ракIалъ баркула МухIамад ХIайбулаевасда 80-сонилаб юбилей, гьарула щулияб сахлъи, рохел, гьабулеб ишалъулъ икъбал ва талихI.

**ХIабиб Давудов,** РФялъул журналистазул Союзалъул член

Наркотиказде данде

# Жакъа цIодорлъи гьабичIони, метер кватIун ккезеги бегьула

Араб анкьалъ Агъвали тIобитIана «ЦIумадисел гIолилал наркотиказде данде» абураб ахIиялда гьоркь гIолилазда гьоркьоб наркотикал хIалтIизариялде данде балагьизабураб тадбир.

Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул жанисел ишазул министерствоялъул наркотикал хIалтIизариялда хадуб хъаравуллъи гьабулеб Управлениялъул отделалъул начальник Надежда Сейфудинова, жанисел ишазул министерствоялъул районалда бугеб отделалъул начальник Камал ГIабдулхIакъов, районалъул имамзабазул Советалъул нухмалъулев Абубакар Абакаров ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова.






Аслияб куцалда данделъиялда гIахьаллъана учительзаби ва эбел-эмен. Гьениб бицана наркотиказул инсанасе бугеб зараралъул, гьеб сабаблъун холел гIолилазул ва гьелъ лъикIалде рачунареблъиялъул хIакъалъулъ.

Данделъаразе саламги кьун кIалъазе вахъарав Абубакар Абакаровас бихьизабуна лъималазе тарбия кьеялъулъ гIемерисеб эбел-инсуда бараб букIин. Эбел-эмен тIадал ругин абуна имамас лъималазе рухIияб тарбия кьезе, хьвада-чIвадиялъул кьагIидаби малъизе ва тIалабал цIунизе. Кьиямасеб кьоялъ, Аллагьасда цере щведал, гьез жаваб кьезе ккезе бугин лъималазе кьураб тIасамасагояб тарбиялъухъ.



Жиндирго кIалъаялъулъ Надежда Сейфудиновалъ бицана Дагъистаналъул гIолилазда гьоркьоб наркотикал хIалтIизариялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул, гьелде данде гьабулеб хIалтIул, эбел-инсул ва учительзабазул букIине кколеб хъаравуллъиялъул, гьезда цере чIарал масъалабазул. Гьеб рахьалъ эбел-инсул гьечIеб жавабчилъиялъул бицунаго, Надежда Сейфудиновалъ абуна жакъа эбел-инсуца дагьаб кIвар кьолеб бугин лъималазе тарбия кьеялъе. Гьезие тарбия кьеялдасан смартфонал ва турказул сериалал балагьи гьезда цIакъго хIажатаблъун бихьулеб бугин.

Камал ГIабдулхIакъовас эбел-эмен ахIана лъималазе кьолеб рухIиябгун патриотикияб тарбия цIикIкIинабизе ва гьезда хадуб цIодорлъи гьабизе.

-Жакъа нилъеца гьоркьоб лъолеб суал цохIо шагьаралъулазда гурони хьатIуларин абун нужеда ракIалде кколеб батани, нуж мекъи руго. Гьеб нижеда лъикI лъала. Жакъаго гьеб рахьалъ эбел-инсуца цIодорлъи гьабичIони, метер кватIун ккезеги бегьула,-ян абуна Камал ГIабдулхIакъовас.

Гьединабго пикру загьир гьабуна кIалъазе рахъарал ХIайбула НурхIажиевас, Зайнаб ГIабдусаламовалъ ва Шамил Бадрудиновас.

Спорт ва гIумру

# Гиннессил тIехьалда цIар хъвазе мустахIикъав

Нилъ гIумруялда жанир гIемерал батIи-батIиял гIадамалгун данчIвала. Гьезда гьоркьор рукIуна чанго батIияб гIамалалъул, гьуназул гIадамал. Амма жакъа бицине бокьун буго Гиннессил рекордазул тIехьалде жаниве ине мурадгун хIадурлъулев вугев ЦIумада районалъул Эчеда росулъа гIажаибаб гIамал-хасияталъул Сайпула МухIамадовасул хIакъалъуль.

Гьев кола гIумруялъ милициялдаги хIалтIарав, спортазул батIибатIиял тайпабазулъ бергьенлъабиги росарав чи. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго ЦIумада районалъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировасги:

-Нижер Сайпула вуго спорталъул ветеран. Амма, гьев жакъаги гIахьаллъула кинал хIаял районалда тIоритIулел рукIунги. Сайпулагун ниж ана ветераназда гьоркьоб тIобитIараб тIадагьаб атлетикаялъул рахьалъ Дагъистаналъул чемпионаталде. Гьениб гамачI рехиялъул, кIанцIиялъул ва рекериялъул къецазда гьес ккуна тIоцебесеб бакI. Республикаялда ГТОялдаги гIахьаллъана гьев, гьенисаги бачIана меседилаб цIва.

Гьаб ахираб заманалда жиндирго спортивияб формаги цIунун буго гьес. Гьанже тIаде босун буго эспандер хIалтIизабизе. Дица пикру гьабулеб буго, вугодай ян гьадинав ригьалъул, ункъойиде вахунев чи, анцIазарго нухалъ испандер къалев. Ватизе цIакъ захIмат буго. Санайил ЦIумада Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалде щвеялъе тIобитIулеб эркенаб гугариялъул турниралдаги гIахьаллъи гьабулаан гьес. Гьенив ичIго нухалъ чемпионлъун вахьарав чи вуго гьав. Сайпула вуго жакъа гIун бачIунеб гIелалъе мисал. Гьадинал чагIаздаса чIухIизе бегьула нилъ.

АскIовго вукIарав Сайпула МухIамадовасулгунги гьабуна «ХIакъикъат» казияталъул хIалтIухъабаз гьитIинабго гара-чIвари.

**- Сайпула, чан нухалъха дуца гьаб эспандер къалеб?**

- Дица сагIатгун бащдаб заманалда, квер чIезабичIого кьала анцIазарго нухалъ. Божуларев чи ватани, ваче дида аскIове, дица гьеб мухIкан гьабила гьезие. Бакъанил какги бан, маркIачIул какие заман щвезегIан анцIазарго нухалъ кьан бугоан дица гьеб. Как базе заман щвечIебани, цоги 2-3 азарго тIадеги гьабизе букIун батила, амма квер дир свакачIо. Дунго гIажаибльулаан тIоцеве дидаго гьедигIан гIемер гьаб бажаридал. Дица кIалдиса Аллагьасул каламги чIезе толаро, гьелъги батила дие гьаб хIал кьун бугеб. Гьанже ругьунлъун вуго, кьойил гьабулелъулги батила. Дица жеги, радал тIаде вахьарабго какги бан, 6-7 километра тола векерун. Мунагьал чураяв ГIабдулманап НурмухIамадов чIаго вугев мехалъ анцIго километраги толаан.

**-Дургун къец базе чи вачIанищ аскIове?**

- Къец бан чи вачIунев гьечIо. ВачIарасги 200 -300 ялдаса тIокIаб гьабуларо. 1000 ялдецин гьаб гьабизе кIолев чи жеги вахьинчIо дида лъалезда гьоркьов.

Гьединаб кIалъай ккана нижер Эчедаса Сайпулалгун. Документалги хIадурун, гьев чIун вуго жиндихье чи вачIинегIан, интернеталдаги лъун цIар тIобитIизабизе. Сайпула бокьараб бакIалде, бокьарав чигун къецалъе вачIине хIадур вуго, разияв чи ватани. СагIатгун бащдаб заманаялда анцIазарго нухалъ испандер къазе кIолев чи вугищ нужеда гьоркьов? Ватани, ине бегьула Агъвали Сайпула цIехон. Гьенире щвезегIан инчIониги, гьев разияв вуго живго вехе вачIинеги.

Сайпула сонал рарав чи вугониги, рекIелъ гIолохъанго вуго. Гьарула гьесие чорхое сахлъи, халатаб гIумру, эспандер къакъазе хIалги, къуватги, бергьенлъабиги.

**Рукъият ГIалисултанова**



**Сураталда:** Шамил Завуров, Сайпула МухIамадов ва ТIалхIат ГIабдулбасиров (квегIиса кваранидe).

Динияб бокIон

# Баракаталъе сабабал

**Бусурманчиясул гIумруялда жаниб сундулъго цебетIей букIуна баракат бугони. Къоялда жанир тIуразе рукIаралщинал ишал гьарун бажарула, заманалъуль баракат бугони. Щибха гьабизе кколеб, Аллагьас гьелда баракат лъезе ккани?**

-Бисмиллагьалдалъун къо байбихьи. Аварагас (с.т.гI.в.) абуна «Бокьараб иш-калам, жиб бисмиллагьалдалъун байбихьичIеб, камилаб букIунаро» (Ахмад). Гьединлъидал, радал рорчIидалги щибаб ишалъул авалалдаги бахьила бисмиллагьи ррахIмани ррахIим.

-Хехго тIаде рахьин ва рогьалил как заманалда бай. Аллагьасул Расулас (с.т.гI.в.) гьадинаб дугIа гьабуна: «Я Аллагь, дир умматалда баракат лъе радал цудунго заманалъуль» (Тирмизи). Гьелдалъун ризкъиялъулги лъола баракат.

- Рада-радал Къуръан цIали. Рогьалил какда хадуб цIалани, жеги лъикIаб буго. Аллагьасул Каламалдасан байбихьараб къо баракаталъул цIураб букIина.

-Вирдал рабитIа заманалда тIуразари. Аллагьасул рокьулел авлиялгун бухьараб ракI, жеги зикруялдалъунги чIаголъи щвараб, къоялъ сагIат гIадин хIалтIила, кIвахI бечIай нахъе рехун.

-Гьабулеб иш какалда сверухъ гIуцIе. Ай, ишазда гьоркьоб баккараб заманалъ как бан гуреб, как заманалда бай. Заманалда как бай букIа хIисабалде босун, хутIарал ишал гьезда гьоркьор рекъезаре.

-ХIарамаб рехун тей, тавбу гьаби. Аллагьасул цщин бахьинабулеб, мунагьлъун кколеб щиналъ баракат инабула.

-Аллагьасде таваккал тIами ва дугIа гьаби. Тавфикъ кьолев Аллагь вукIинги кIочон, жинцаго щиб бугониги нухда билълъанхьизабизейин инсан лъугьани, гьеб ишги баракат бахъараб букIуна.

-Цогидазе кумек гьаби, диналъул вац-яцазул хIажатал тIурай. ХIадисалда абун буго: «Аллагь вукIуна Жиндир лагъасул хIажатал тIуралевлъун, гьев лагь диналъул вацазул хIажатал тIуралев вугевгIан заманаялъ» (Муслим).

Къижилелде цебе 33 субхIаналлагь, 33 алхIамдулиллагь, 34 Аллагьу акбар аби. Бухариясги Муслимицаги бицараб хIадисалда рекъон, ФатIимат, рукъалъул пишаби гIемерлъун, захIмалъиялде кквдал, гьелъ Аварагасда (с.т.гI.в.) кумекчIужу кьеян гьарана. Гьелдасаги лъикIаб жинца дуда малъилин абун, гьаб цIализе малъана Аварагас (с.т.гI.в.). Гьаб буго баракат лъеялъе бищун бигьаяб къагIидабазул цоябги, суннат тIобайги. Гьал калимаби цIалиялда тIадчIей гьабурасе Аллагьас кьола тавфикъги хIалги киналго ишал жинцаго камилго тIоразе.

. . . . . . . . . . . . . .

# ГIей гьечIо

**НигIматазухъ БетIергьанасе щукру гьаби буго кигIан гьабуниги, бицаниги, малъаниги рагIалде бахъунареб, бахъунги лъугIи гьечIеб жо. Щайин абуни, нигIмат кьей гьечIелъул дагьлъулеб. Аллагьас нигIмат тIаде чвахизаби къотIизе толеб гьечIебго гIадин, гьелъухъ щукру гьаби нилъецаги къотIизе тезе бегьуларо.**

Къуръаналда буго (магIна): **«Нужеца щукру гьабуни, Дица цIикIкIинабила»**, -абун (сурату «Ибрагьим» 7 аят). Хирияб аяталда Аллагьас малъулеб буго щукру гьабулелъун рукIине, цинги гьеб гьабурабгIан Жинца цIикIкIинабизе бугин бичIчIизеги гьабулеб буго.

Щукру гьабиялъеги буго хасаб тасбихI-дугIа цIали, къураб нигIматалдаса мискин-пакъирзабазегун хIажаталъубе садакъа кьей, черхалъ сужда гьаби гIадал батIи-батIиял къагIидаби.

МацIалъ абун гьабулеб щукруялъул хIакъалъуль г1алимзабаз рехсаразул цо-цоял ккола:

**-«АлхIамду лиЛлагьи хIамдан ювафи нигIамагьу ва юкафиу мазидагьу»** абураб калима. Гьаб буго Адам аварагасул тасбихI.

**-«АлхIамду лиЛлагьи бижамигIи махIамидигьи куллигьа ма гIалимту мингьа ва ма лам агIлам гIадада халкъигьи куллигьим ма гIалимту мингьум ва ма лам агIлам».**

**-«Я Рабби, лакал хIамду кама янбагьи лижалали важгьика ва лигIазими султIаника».**

Ибну Г1умаридасан бицун буго, Аварагас (с.т.гI.в) абунин: «Аллагьасул лагъзадерил цояс абуна **«Я Рабби, лакал хIамду кама янбагьи лижалали важгьика ва лигIазими султIаника»**, - абун. Цинги гьел рагIабаз сваказаруна гIамалал хъвалел малаикзаби ва гьезда лъачIо кин гьеб хъвалебали. Хадуб гьел кIиялго малаикзабаз БетIергьанасда абуна: «Я нижер Аллагь! Дур лагъзадерил пуланас абуна кин ажру хъвалебали нижеда лъаларел рагIаби»,-ян. (Лагъас абураб жо лъалевлъун Жив вугониги) ТIадегIанав Аллагьас гьикъана: «Щиб дир лагъас абураб?»-абун. Гьез жаваб гьабуна: **«Я Рабби, лакал хIамду кама янбагьи лижалали важгьика ва лигIазими султIаника»**,-ян абурал рагIаби абунин. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьезда абула: «Нужеца гьел рагIаби Дир лагъас абухъе, Дунгун гьев дандчIвазегIан хъвай, Дица гьабила гьесие гьезухъ ажру», - ян (ибну Мажагь).

-Гьединаб кири цIикIкIараб гIамал буго нигIматазухъ щукру гьаби.

-Аллагьас тавпикъ кьеги щукру гьабизе.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# Хъвадарухъабазул мухьилъе восана



Гьал къоязда МахIачхъалаялда кIодо гьабуна Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъ 90 сон тIубай. Гьениб Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул Правлениялъул председатель Николай Ивановас Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъиялъул билет кьуна Метрада росулъа ХIабиб Давудовасе.

Баркула ХIабибида Россиялъул хъвадарухъабазул мухьилъе воси.

Гьарула творчествоялъулаб гьира-шавкъ, чорхое сахлъи, сахаб гIумру ва рекIел мурадал тIурай.

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъаби ва гьудул-гьалмагъзаби**

# Дир гIагараб росу

Рорхатал мугIрузул
Къурул ракъанда,
Къурда тIад бис гIадин,
Буго дир росу.
ГIалимзаби гIураб,
Устар вахьараб,
Дагъистан урхьараб
Буго дир росу.
Сверун рохьаз цIураб,
ГIалах гIатIидаб,
Гьаваги бацIцIадаб,
Лъимги цIорораб,
Чвахулеб гIурул сас
ГIинда багьулеб,
Гьайбатаб бакIалда
Буго Метрада.
Сверухъ росабалъе
Нухда батулеб,
Гьоболги къабулаб,
Гьелги хириял,
ГIи-боцIи гьарзаяб,
ХIалтIулъ кIвахI гьечIеб,
ТIабигIат берцинаб
Буго дир росу.
ГIиял рехьабаца
Берцин гьабураб,
Берцинал ясаца
ЧIухIизабураб,
Гьелму цIикIкIараца
ЦIар тIибитIараб
РакIал гIатIидазул
Буго дир росу.
Къо ккедал, хIалае
Цолъун рахъунел,
Лебалал васазул
Росу буго дир.
РакIал къвариздазе
Рохел гьабулел,
ЛъикIал гIадамазул
Росу буго дир.

**ХIабиб Давудов**

Конкурс

# Ярмарка - «Урожай 2024»

12 октября 2024 года в с. Агвали по инициативе администрации муниципального района «Цумадинский район» будет организована сельхозярмарка «Урожай 2024». Начало ярмарки -9:00..

**Ярмарка проводится с целью:**

- поддержки местных товаропроизводителей;
-формирования положительного образа сельских территорий и содействие их развитию;
- демонстрации возможностей выращивания урожая овощей, фруктов, ягод, картофеля, корма, муки, мяса свежего, сушёного (также и в живом виде), сыра, колбасы, яиц, молока, масла, меда и т.д. сельскохозяйственными товаропроизводителями;
-обмена передовым сельскохозяйственным опытом;
-обеспечения населения качественными продуктами питания;
-повышения активности населения к участию в ярмарках, предоставление возможности реализации излишек собственной сельскохозяйственной продукции и вовлечения населения к предпринимательской деятельности.

Каждый участник привозит на ярмарку продукцию, организует и оформляет свое выставочное место, по возможности самостоятельно обеспечивает себя столами и торговым оборудованием.

Торговым предприятиям желательно иметь фирменную одежду, вывеску с названием фирмы.

На реализуемую продукцию животного происхождения участники должны иметь все необходимую разрешительную документацию ветеринарного надзора.

Участие в конкурсе-ярмарке бесплатное, площадь выставочного и торгового места не ограничено.

**Программа ярмарки**

-С 09.00ч. - Регистрация участников, размещение, оформление выставочных и торговых мест;
- В 10.00 ч. -торжественное открытие ярмарки-выставки «Урожай 2024»;
- С 10.00 ч - концертная программа управления культуры муниципального района;
- 13.00.4. - подведение итогов, награждение;
- 15.00.4. -закрытие конкурса-ярмарки.

Для участия в конкурсе-ярмарке необходимо подать заявку в организационный комитет администрации МР «Цумадмнский район» до 1 октября 2024г.,

**Награждение- грамоты и денежные призы:**

1 место - 20000р;
2 место - 15000р;
3 место - 10000р;
4 место - 5000р.

**Определение победителей производится по следующим номинациям:**

-многообразие представленной продукции - до 10 баллов;
-художественно-эстетическое оформление - до 5 баллов;
-необычная форма, размер плода - до 5 баллов;
- востребованность продукции - до 10 баллов;
- качество продукции - до 10 баллов;
- цена и доступность продукции - до 10 баллов.
-отсутствие налоговой задолженности -10 баллов;

**Оргкомитет**

**Телефон для справок- 89673960192**

Кицаби ва абиял

ЗахIмат бихьичIого рахIат букIунареб.
* * *
ЗахIмат бихьичIого щвараб боцIуца чи гьалаг гьавула.
* * *
ЗахIмат бихьун-дуниял, гIамал бихьун-ахират.
* * *
ЗахIматаль цугъур цIола, цагърица рукъзал рала.
* * *
ЗахIматаль чи хьихьула, кIвахIаль хвезе гьавула.
* * *
ЗахIмат гьечIого, хуриб тIор баларо.

# Распоряжение №54-р

**от 9 сентября 2024г.**

**О проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2856.**

Рассмотрев заявление гр. Ниматулаева Б.М. и в соответствии ст. 5.1 Градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МР «Цумадинский район»:

1.Провести публичные слушания по обсуждению изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2856, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. С. Муртазалиева д.1/6, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

Дата проведения - 09.10.2024г. (10ч.00м.)

Место проведения - здание администрации МР «Цумадинский район».

2. Утвердить состав комиссии по проведению публичных слушаний.

3.Установить, что ознакомление заинтересованных лиц с материалами публичных слушаний осуществляются в рабочие дни в администрации МР «Цумадинский район» и сельского поселения «село Агвали», а также на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и сельского поселения «село Агвали».

4. Опубликовать настоящее распоряжение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администраций МР «Цумадинский район» и сельского поселения «село Агвали».

5. Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

**Глава муниципального района**
**Ш. Омаров**

Газпром

# Ответственность за несанкционированное потребление газа

В рамках подготовки к отопительному периоду ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает о недопустимости самовольных подключений отопительных приборов к системе газоснабжения для отопления домов и помещений.

Самовольное подключение создает угрозу возникновения нештатных ситуаций, которые могут повлечь за собой человеческие жертвы и значительные материальные потери. Также в результате несанкционированного отбора газа падает давление в системе газоснабжения жилых домов населенного пункта, что отрицательно сказывается на работе газовых приборов добросовестных абонентов.

За несанкционированное подключение к газовым сетям и незаконное потребление газа законодательством предусмотрены административная и уголовная ответственность. Гражданам, ранее привлеченным к административной ответственности, за повторное самовольное подключение к газопроводу грозит уголовная ответственность. Помимо этого, абонент полностью возмещает причиненный поставщику газа ущерб и оплачивает расходы газораспределительной организации на проведение работ по ликвидации несанкционированного подключения.

Для газоснабжения дома или коммерческого помещения, а также теплиц, птичников и проч. с использованием газа на законных основаниях, жителям необходимо обращаться с заявлением в адрес поставщика газа.

Важно помнить, что газовое оборудование требует крайне аккуратного обращения. Неправильная эксплуатация или неисправность оборудования могут привести к непоправимым ситуациям. Статистика показывает, что чаще всего к беде приводит человеческий фактор.

Также потребители газа должны помнить о важности допуска сотрудников газовых служб для проверок газового оборудования и своевременного его замене. Напоминаем, что в апреле 2024 года вступил в силу закон, ужесточающий наказание за нарушение правил использования газового оборудования и его самовольную замену, согласно которому, штрафы за несанкционированные работы выросли в десятки раз.

Самостоятельная установка или замена плит и другого газового оборудования без привлечения специализированной организации не допускается. За подобные действия предусмотрен штраф.

Для собственной безопасности и безопасности окружающих доверяйте подключение к газоснабжению, установку и замену газовых приборов только сотрудникам специализированной газораспределительной организации.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

Для сведения

# Проведение зачета между начисленными и уплаченными суммами налогов

В связи с введением с 1 января 2023г. единого налогового счета и единого налогового платежа изменен порядок поступления уплаченных налоговых платежей. Перечисление происходит путем проведения зачета между начисленными и уплаченными суммами налогов только после предоставления уведомления.

Согласно абзацу 2 п. 9 ст. 58 НК РФ уведомление предоставляется в налоговый орган по месту учета ежемесячно не позднее 25 числа следующего месяца в электронной форме или через личный кабинет налогоплательщика.

В случае непредоставления уведомления в срок оплаченные суммы налогов будут лежат без движения на едином налоговом счете и в отношении виновного налоговым органом будет наложен штраф за несвоевременное предоставление уведомления.

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгъара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 1274 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баянazул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**